Bul maqsetlerdi ámelge asırıw ushın tómendegi wazıypalardı orınlaw názerde tutıladı:

- tálim basqa tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde qaraqalpaq tili pánin oqıtıwda, áwele, tálim basqıshlarında úzliksizlikke ámel qılıw, yaǵnıy 5-klass ushın joybarlastırılǵan oqıw baǵdarlaması 4-klass oqıw baǵdarlamasınınıń izbe-iz, áste-aqırın dawam etiwi hám usı waqıtta 6-klass ushın tiykar bolıwına erisiw;
- temalardıń izbe-izlik hám ajıralmaslıq principine tolıq ámel etiw, yaǵnıy qaım-qatnasqa baǵdarlanǵan temalar, grammatikalıq temalar hám de kórkem ádebiyatqa baylanıslı oqıw materiallarınıń arnawlı bir izbe-izlikte hám óz-ara tıǵız baylanıslılıqta beriliwine erisiw;
- shınıǵıwlarda berilgen gápler, tekstler hám kórkem ádebiyatqa baylanıslı oqıw materiallarınıń oqıwshılardıń jas ózgesheliklerine say bolıwın támiyinlew, olardıń ańsattan qıyınǵa, ápiwayıdan quramalıǵına qaray evolyuciyalıq rawajlanıp barıwına itibar qaratıw;
- qaraqalpaq til bilimin qızıqlı tárzde shólkemlestiriw, aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalar hám zamanagóy informaciya hám texnika qurallarından nátiyjeli paydalanıwǵa qaratılǵan shınıǵıwlar sistemasın jaratıw hám sabaq islenbelerinde olardı ótiw jolların kórsetip beriw;
- tekstler boyınsha hám shınıǵıw tapsırmalarınıń ápiwayıdan quramalılıǵına, málimnen belgisizge qaray rawajlandırıp barıw, túrli dóretiwshilik hám mashqalalı tapsırmalar beriw arqalı oqıwshılardı óz betinshe pikirlewge, hár bir temaǵa dóretiwshilik menen jantasıwǵa úyretiw.

Tálim basqa tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde «Qaraqalpaq tili» oqıw pánin puqta ózlestiriliw qaraqalpaq hám ózbek tilleri arasındaǵı ayırmashılıqlardı biliw dárejesi;

oqıwshılardıń qaraqalpaqsha tekstlerdi tez, durıs, kórkem oqıw ilmiy tájriybesi; ózgeler pikiri hám tekst mazmunın ańǵarıw ilimiy tájriybesi;

pikirdi awızsha hám jazba túrde bayanlaw ilmiy tájriybesi, tálim basqa tillerde alıp barılatuǵın tekstti tekstti qaraqalpaq tiline, ózbekshe tekstti qaraqalpaq tiline awdarma jasaw dárejesi;

oqıwshılardıń gáp quraw ilmiy tájriybeleri sıyaqlı normalar menen belgilenedi.

Qaraqalpaq tilin úyreniw arqalı ol boyınsha iyelenetuǵın sóylew imkaniyatı túrleri: tıńlap túsiniw, sóylew, oqıw hám jazıw shınıǵıwlardıń hár birin klassta úyretiw, óz betinshe pikir almasa alıw, esitken tekstti analiz etiw, jazba dereklerdi oqıw arqalı informaciya alıw, waqıya-qubılıslarǵa óz munasábetin bildiriw uqıplılıǵın iyelew dinamikası názerde tutıladı. Ulıwma bilim beriw mektepleri ushın qaraqalpaq tili (Mámleketlik til) sabaqlıqları bul talaplarǵa say dúzilgen halda dúziliwine úlken itibar qaratılıw zárúr.

## Ádebiyatlar


1. O‘zbekstan Respublikasi Prezidentining 06.11.2020 yildagi O‘zbekistonning yangi taraqqiyot davrida ta’lim-tarbiya va ilm-fan sohalarini rivojlantirish chora-tadbirlari to‘g‘risidagi PF-6108-son Farmoni.
2. 2021-jıl 16-iyuldaǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵi Keńesi Prezidiumınıń «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı Qararı.
3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 17-yanvardaǵı 25-sanlı «Xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin úzliksiz kásiplik rawajlandırıw sistemasın shólkemlestiriw tártibi haqqındaǵı Rejeni tastıyıqlaw haqqında»ǵı Qararları.
4. 2021-jıl 16-iyuldaǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵi Keńesi Prezidiumınıń «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı Qararı.
5. Сейткасымов Д.Б. Академиялық лекция сабақларында лингвометодикалық компетенцияны қәлиплестириў парадигмасы. Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириw. 2022, 5/1-саны, 4-8-б.
6. Зимняя И. А. Психологические аспекты обучения говорению на иностранном языке. – Москва: МГУ, 1998, 142-б.
7. To‘xliyev B., Shamsiyeva M., O‘zbek tili o‘qitish metodikasi / T. Ziyodova; red. T. Niyazmetova. -Toshkent: Alisher Navoiy nomidagi O‘zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti. 2010,13- b.
8. Усмонов С. Умумий тилшунослик. –Тошкент: 1972, 144-б.
9. G‘ulomov A., Qodirov M., Ernazarova M., Bobomurodova A., Allavutdinova N., Karimjonova V. Ona tili o‘qitish metodikasi (Universitet va pedagogika institutlarining filologiya fakulteti talabalari uchun) Darslik. -T.: «Fan va texnologiya». 2012, 380-б.
10. Husanov N., Xo‘jaqulova R., Dilmurodova N. O‘zbek tili: Darslik (Iqtisodiyot oliy o‘quv yurtlarining bakalavr bosqichi umumiy guruh talabalari uchun) –T.: Toshkent moliya instituti. 2019, 528-b.



**REZYUME.** Bu maqolada ta'lim boshqa tillarda olib boriladigan ta’lim muassalarida qoraqalpoq tilini o‘qitish masalalariga, talabalarning lingvistik kompetensiyalarini rivojlantirishga qaratilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются вопросы преподавания каракалпакского языка в образовательных учреждениях, где обучение ведется на других языках, развитие языковых компетенций студентов.

**SUMMARY.** This article discusses the issues of teaching the Karakalpak language in educational institutions where education is conducted in other languages, the development of students' language competencies.


**UDK. 217;-90 (2023)**

# XOR JÁMÁÁTINIŃ ATQARÍWSHÍLÍQ UQÍBÍ HÁM QÁBILETI

**A.Bekpolatova** – *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** dirijyor, imo-ishora, musiqachi, xor, orkestr, yangilik, qo‘shiq ovozlari.

**Ключевые слова:** дирижёр, жест, музыкант, хор, оркестр, новизна, певческие голоса.

**Key words:** conductor, gesture, musician, choir, orchestra, novelty, singing voices.

Xor atqarıwshılıǵı házirgi kúnde keń tarqalǵan xalıq kórkem-óner túrleriniń biri. Ol insannıń eń jaqsı tuyǵıların oyatıp, tolǵandırıw, qızıqtırıw qábiletine iye. Ullı rus úgi-násiyatshısı hám pedagog K.D.Ushinskiydiń aytqanınday: «Qosıqta, ásirese, xor atqarıwshılıǵındaǵı qosıqta ulıwma bir tárepinen insandı janlandırıwshı hám tez háreketke salıwshı sıpatları bolsa, ekinshi tárepinen miynetti shólkemlestiriwge, birgelikte belgilengen bir maqsetke erisiwge jetelewshi qásiyetleri bar» [1:90-91].

Xor atqarıwshılıǵı muzıka óneri sıpatında eki: akademik hám xalıq atqarıwshılıǵı jónelisinde rawajlanıp kelmekte. Akademik xorlardıń tiykarǵı wazıypası rus, shet-el klassik hám de zamanagóy kompozitorlardıń shıǵarmalarınan eń jaqsı úlgilerin atqarıw hám úgit-násiyat etiwden ibarat. Al, xalıq xorlarınıń tiykarǵı wazıypası erterekte dóretilgen xalıq qosıqların zamanagóy ruwxta qayta islengen eń joqarı úlgilerin, sonday-aq, zamanagóy kompozitorlardıń xalıq xorı ushın dóretken original shıǵarmaların atqarıw hám úgit-násiyat etiwden ibarat.

Ózbekstanda xor óneriniń pátli rawajlanıwı 1950-1960-jıllarǵa tuwra kelip, onda milliy professional xor óneriniń júzege keliwinde 1961-jılı respublikalıq televidenie hám radiosı qasınan shólkemlestirilgen B.Umitjanov basshılıǵındaǵı xor jámááti úlken úles qostı.

Ózbekstanda eń belgili balalar xorı bul Ózbekstan xalıq artisti Sh.Ermatov basshılıq etken «Bulbulcha» milliy balalar xorı bolıp tabıladı. Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasında 1985-1986-jıllardan baslap, hár jılı «Xor muzıkası hápteligi» ótkerilip turıladı [2:60].

Rus xor atqarıwshılıǵı eki: xalıq atqarıwshılıǵı hám

shirkew atqarıwshılıǵı baǵdarında rawajlanıp kelgen. Birinshi folklor ámeliy muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwına sebep bolǵan, ekinshi rus professional xor atqarıwshılıq mektebiniń payda bolıwına sebepshi bolǵan.

Qaraqalpaqstanda xor atqarıwshılıǵına 1950-jıllardıń aqırlarına kelip itibar qaratıla basladı. 1956-jılı Tashkent Konservatoriyasın pitkergen Saniya Yusupovna Davlet-Keldieva (sol, Qaraqalpaqstan xalıq artisti) birinshi professional xormeysterlerden bolıp, ol jollama boyınsha Qaraqalpaqstanǵa kelip, mámleketlik filarmoniyada birinshi xor jámáátin dúzedi. Onıń dúzgen xor quramında barlıq solist qosıqshılar, yaǵnıy atap ótsek: B.Nadırov, A.Shamuratova, G.Shirazieva, G.Sırımbetova, B.Matchanov, U.Qurbanbaev h.t.b. qatnasadı. Bul xor jámáátí barlıq bayram sánelerinde, kóplegen koncert hám yubileylerde turaqlı qatnasıp, qaraqalpaq kompozitorları Á.Xalimov, Á.Sultanov, X.Turdıqulov, J.Shamuratov, Ǵ.Demesinov h.t.b. xor ushın jazǵan shıǵarmaların atqarıp keledi hám 1959-jılı Moskva qalasında ótkerilgen Mádeniyat hám ádebiyat kúnlerine qatnasadı. 1960-jılı Leningrad Konservatoriyasın pitkerip kelgen S.R.Palvanov óz dóretiwshiligi menen xor atqarıwshılıǵınıń ele de rawajlanıp, joqarı basqıshlarǵa kóteriliwine óziniń salmaqlı úlesin qostı [3:211].

S.Palvanov kúndelikli turmısımızda unison aytılıp júrgen qaraqalpaq xalıq qosıqların qulaqqa qonımlı etip, xorǵa 3 hám 4 dawıslı etip qayta islep, Nókis pedagogika institutınıń studentler xorı, soń J.Shamuratov atındaǵı muzıka uchilishesiniń xorları menen birge islesip, xor ónerin xalıq arasında en jaydırıp kelgen.

1970-jılı Tashkent Konservatoriyasın pitkerip kelgen Ábdijabbar Mambetov Saparbay Palvanov penen birgelikte qaraqalpaq kompozitorlarınıń xor shıǵarmaların studentler hám balalar xor jámáátlerinin atqarıwında xalıqqa tanıtıw menen bir qatarda olardıń atqarıw sheberlikleriniń joqarı shıńlarǵa jetiwinde ayanbay miynet etedi. №1 B.M.M xorı menen Nókis, Xojeli, Taqıyatas qalalarınıń mekteplerine barıp, kóplegen koncertler shólkemlestirgen. Bul koncertlerdegi xordıń repertuarında qaraqalpaq, ózbek, rus kompozitorlarınıń shıǵarmaları orın alǵan.

Xor jámáátiniń atqarıwshılıq uqıbı hám qábiliyeti, sonday-aq shıgarmanıń mazmunın sheberlik penen ashıp beriwleri atqarıw dawamında ayqın kórinip turar edi. Soń Turdıbay Eshbaev 1978-jılı 19- sanlı K.Marks atındaǵı mektep bazasında Qaraqalpaqstan teleradio kompaniyasınıń balalar xorın shólkemlestirip, xor ónerin úgit-násiyat etiwdi dawam etedi. Xordıń quramında 60 joqarı klass oqıwshıları bolıp, olar S.Palvanov, Ǵ.Demesinov, Á.Xalimov, A.Paxmutova, E.Sharts, N.Muxammeddinov, Ǵ.Amaniyazov h.t.b. kompozitorlar shıǵarmaların joqarı dárejede atqarıp kelgen. Respublikamızda hár jılı ótkeriletuǵın «Sanaat bayramı» kórik-tańlawlarında xor jámáátí turaqlı qatnasıp, joqarı nátiyjeler menen sıylı orınlardı iyelep kelgen [4:154-155].

1987-jılı I.Yusupov librettosına N.Muxammeddinov avtorlıǵında dóretilgen birinshi qaraqalpaq operası «Ájiniyaz» saxnalastırıldı. Operadaǵı xorlardı Nókis muzıka uchilishesiniń xor jámáátí (xormeyster Á.Mámbetov) menen Qaraqalpaqstan teleradiokomitetiniń balalar xorı (xormeyster T.Eshbaev) atqarıp shıqtı. Operadaǵı xorlarda kompozitor qaraqalpaq xalıq qosıqlarınan orınlı paydalana alǵan. Qońırat xanınıń saxnasındaǵı erler xorın aktyorlar sheber atqarıp shıqtı [4].

Abdijabbar Mámbetov. A.Mámbetov 1941-jıl 25-avgust kúni Qońırat rayonınıń xızmetker shańaraǵında tuwıladı. 1948-jılı mektepke oqıwǵa barıp, 1958-jıl pitkerip orta maǵlıwmat alǵan.

1958- jıldan 1960-jılǵa shekem mektepte qosıq sabaǵı muǵallimi bolıp isleydi.

1960-jılı Tashkent mámleketlik konservatoriyasınıń 2 jıllıq tayarlaw kursına kirip, 1962-jılı xor dirijyorlıq fakultetiniń 1-kursına qabıl etiledi. 1962-1965 – jıllar aralıǵında armiya qatarında xızmette bolıp, 1965-jıldan 1970-jılǵa shekem oqıwdı dawam etip, konservatoriyanı tabıslı tamamlaydı.

1970-jıldan baslap Nókis mámleketlik muzıka-xoreografiya bilim jurtında islep kelgen. Usı bilim jurtınıń xor-dirijyorlıq bóliminiń baslıǵı, oqıw isleri boyınsha direktor orınbasarı, Qaraqalpaq mámleketlik teleorayınıń xalıq saz- ásbapları orkestriniń bas dirijyorı, 1977-1981 – jılları Qaraqalpaqstan mámleketlik Berdaq atındaǵı filarmoniyasınıń direktorı, 1981-jıldan Nókis mádeniyat hám kórkem-óner kolledjinde xor dirijyorlıǵı bóliminde oqıtıwshı, xor jámáátiniń basshısı lawazımlarında islep kelgen. Ol xor jámáátí menen birge qońsılas respublika hám qalalarda ótken mádeniyat kúnleri dekadalarında, kórik-tańlawlarda hám saltanatlı bayramlarda belsene qatnasadı [5:90].

Anıǵıraq aytatuǵın bolsaq, 1970-1980 – jıllar aralıǵında Moskva, Tashkent, Qazaqstan, Daǵıstan, Bashqurstan, Tatarstan, Túrkmenstan Respublikalarında ótkerilgen mádeniyat kúnlerinde xor jámáátí menen qatnasqan. Teatr saxnasında qoyılǵan «Ájiniyaz» operasında, «Xanuma» muzıkalı draması, «Súymegenge súykenbe» muzıkalı komediya h.t.b. kóplegen spektakllerge xor saxnaların tayarlaǵan.

A.Mámbetov orta bilim beretuǵın mekteplerdiń 6-klassı ushın muzıka sabaqlıǵınıń avtorı. Onıń usınday pidáyi miynetleri joqarı bahalanıp 1965-jılı «Jeńistiń 20 jıllıǵı», 1980-jılı Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist, 1986-jıl «Miynet veteranı» medalları, 1987-jılı Qaraqalpaqstan xalıq artisti hám Ózbekstan Respublikasınıń xalıq tálimi aǵlası húrmetli ataqları menen sıylıqlandı [6:194].

Bunnan basqa da Qaraqalpaqstanda xor óneriniń rawajlanıwına Q.Zaretdinov úlken úles qosıp kelmekte. Ol dáslepki jılları J.Shamuratov atındaǵı muzıka uchilishesinde dirijyorlıq, xor partiturasın oqıw, xor tanıw hám metodikadan sabaq beriw menen birge oqıwshılar xorın basqarǵan. 1981-1987–jıllar aralıǵında házirgi №12 ulıwma orta bilim beriw mektebi bazasında №1 balalar muzıka mektebiniń balalar xorın basqaradı. Bul xor jámáátí hár qıylı sánelerge arnalǵan koncertlerde qatnasıp, qaraqalpaq, ózbek, rus xalıq shıǵarmaları menen bir qatarda kinofilm, multfilmlerde paydalanılǵan balalarǵa arnalǵan qosıqlardı da atqarǵan. 1978-jıldan baslap Q.Zaretdinov Berdaq atındaǵı teatrda xormeyster lawazımında isleydi. Berdaq atındaǵı teatr «muzıkalı» statusın alıwına (1989-jıl) baylanıslı teatrda xor jámáátí shólkemlestirilip, oǵan Q.Zaretdinov basshılıq etedi.Usı dáwirlerde ol qaraqalpaq xalıq qosıqların xorǵa qayta isley baslaydı hám sol jılı Xorezmde ótkerilgen Qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatı kúnlerinde ózi qayta islegen qaraqalpaq xalıq qosıǵı «Ayqulash» hám M.Burxanov qayta islegen Xorezm xalıq qosıǵı «Gózal qizga» xor shıǵarmaların Urgenish tıńlawshılarına inám etti.

Teatrda xor jámáátí dúzilgenge shekem Respublikanıń barlıq merekelerinde, 1974-1982 – jılları Tashkent qalasında ótkerilgen Qaraqalpaqstan ádebiyatı hám mádeniyatı kúnlerinde J.Shamuratov atındaǵı muzıka uchilishesiniń A.Mámbetov basqarǵan oqıwshılar xorı belsendi qatnasıp keldi. 1990-jıl Q.Zaretdinov simfoniyalıq orkestrge bas dirijyor bolıp belgileniwi menen teatr xorına basshılıq etiw sol jılı Tashkent Konservatoriyasın pitkerip kelgen xormeyster A.Tólepovaǵa tapsırıldı [7:41].

Bul xor jámáátí jaqsı atqarıw sheberligine iye bolıp, respublikada hár qıylı sánege baǵıshlanıp ótkeriletuǵın koncertlerde, teatrda qoyılǵan barlıq muzıkalı drama, komediya, operalarda qatnasıp keldi («Ájiniyaz», «Maysaranıń hiylesi», «Aleko» operaları, «Ǵárip Ashıq», «Súymegenge-súykenbe», «Hanuma», «Kóleńke», «Alpamıs» h.t.b. muzıkalı dramalar). Eń úlken jetiskenlikleriniń biri búgingi kúni respublikamız boylap jańlap turǵan Qaraqalpaqstan Mámleketlik gimni 1993-jılı usı jámááttin atqarıwında jazıp alınǵan. Bul xor jámáátinde

kúshli dawıs iyeleri bolıp, olardan Z.Lepesov, I.Xodjametov, R.Jumatov, B.Nızanov, B.Seydullaev, T.Tóreniyazov, X.Palwanova, G.Sabırjanova, A.Yusupova, G.Urazbaeva, A.Tınıbaeva, Sh.Eshbanova h.t.b. qatnastı.

Xor jámááti 1991-jılı Almatı qalasında ótkerilgen teatr kúnlerinde qatnasıp, muzıkalı dramalardan tısqarı ashılıw hám jabılıw kúnlerine arnalǵan koncertlerde jeke nomerleri menen qatnastı. (M.Seytgazinniń «Dániyardıń áni» hám I.Yusupov sózine Q.Zaretdinov namasına «Aral muńı» akapellaları). 1993-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen Qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatı kúnlerinde qatnasıp, Tashkent Mámleketlik Konservatoriyasında úlken koncert berdi. Koncert repertuarınan qaraqalpaq kompozitorları hám Orta Aziya xalıqları qosıqları orın alǵan. Atap ótsek: «Dembermes» hám «Dala ármanları» (S.Palvanov), «Erkinlik hawazı» (Á.Xalimov), «Aral jasaydı» (Ǵ.Demesinov), «Nókis aqshamı» (Ǵ.Amaniyazov); «Kewil tolǵanısı» (Z.Lepesov); «Aral muńı», «Nalısh», «Qız ne bilsin» (Q.Zaretdinov); «Qomuzchu» (qırǵız xalıq qosıǵı); «Tesnif» (ázerbayjan xalıq qosıǵı); «Komariki-muxi» (B.Kravchenko); «Ayrıldım» (túrkmen xalıq qosıǵı) h.t.b. [8:86].

Ulıwma aytqanda, joqarıda aytılǵanınday ásirler dawamında aytılıp kelgen unison, kóp dawıslı xor atqarıwshılıǵın qabıllawǵa keri túsinikler tásir etip kelmekte. Solay bolsa da, respublikamızdaǵı jigirma bir B.M. mekteplerinde hám ayırım ulıwma orta bilimlendiriw mekteplerinde xor jámáátleri dóretiwshilik etip kelmekte. Sońǵı jılları Ózbekstan boylap hár jılı ótkerilip atırǵan «Balalıq báhári», «Yangi avlod» hám «Kelajak ovozi» kórik-tańlawlarında xor janrınıń talap etiliwi de xor atqarıwshılıǵına itibardıń kúsheyiwinen derek beredi.

## Adebiyatlar


1. Адамбаева Т. Музыкальная культура каракалпакского народа дооктябрьского периода. //АН КазССР. Ин-т литературы и искусства им. М.О.Ауезова. – Алма-Ата: 1967.
2. Айымбетов К. Халық даналығы. –Н.: 1968.
3. Вызго Т. Комическая опера С.Юдакова "Проделки Майсары" – М.: С.К., 1962.
4. Вызго Т. Опера и музыкальная драма. в сб.: Музыкальная культура Сов. Узбекистана. – Т.: 1955.
5. Джумаев Т. «Проделки Майсары» – первая узбекская комическая опера. // Вопросы музыкальной культуры Узбекистана. Выпуск 1. – Т.: 1961.
6. Жабборов А. Ўзбекистон бастакорлари ва мусиқашунослари. – Т.: 2004.
7. Интонация и музыкальный образ. -М.: 1965.
8. Nadirova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. –N.: "Qaraqalpaqstan" 2019.



**REZYUME.** Dirijyorlik jarayonida dirijyorning yuzi, uning koʻrinishi, yuz ifodalari muhim rol oʻynaydi. Zamonaviy dirijyorlik dirijyordan musiqiy-nazariy tayyorgarlik, oʻtkir quloq, yaxshi musiqiy xotira, shuningdek, faol, maqsadli irodani talab qiladi. Dirijyor dirijyorlik jarayonida alohida musiqachilarning oʻziga xos xususiyatlarini oʻzida mujassamlashtira olishi, ularning barcha sa'y-harakatlarini oʻz ijro rejasini amalga oshirishga yoʻnaltira olishi kerak.

**РЕЗЮМЕ.** Важную роль в процессе дирижирования играет и лицо дирижёра, его взгляд, мимика. Современное дирижирование требует от дирижёра музыкально-теоретической подготовки, тонкого слуха, хорошей музыкальной памяти, а также активной, целенаправленной воли. Дирижёр должен уметь объединить в процессе дирижирования индивидуальности отдельных музыкантов, направляя все их усилия на осуществление своего исполнительского замысла.

**SUMMARY.** An important role in the conducting process is played by the conductor's face, his eyes, and facial expressions. Modern conducting requires from the conductor musical theoretical training, fine ear, good musical memory, as well as active, purposeful will. A conductor must be able to combine the individualities of individual musicians in the process of conducting, directing all their efforts to the implementation of their performing plan.


# ИННОВАЦИОН ТЕХНОЛОГИЯЛАР ЁРДАМИДА ТАЛАБАЛАРДА ЛИНГВИСТИК КОМПЕТЕНТЛИКНИ ШАКЛЛАНТИРИШНИНГ ПЕДАГОГИК ШАРТ-ШАРОИТЛАРИ


**Н.К.Даулетиярова –** *ассистент ўқитувчи*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** инновацион технологиялар, шакллантириш, линвистика, педагогик, компететлик.
**Ключевые слова:** инновационные технологии, формирования, лингвистика, педагогический, компетентность.
**Key words:** innovation technologies, form, linguistics, pedagogical, competence.


Республикамизда инновацион технологияларни ривожлантиришга катта эътибор қаратилмоқда. Узлуксиз таълим тизимида инновацион педагогик фаолият асосида ёш авлод тафаккурида инновацион фаолиятга интилишни шакллантириш мақсадга мувофиқдир. Таълим мазмунини модернизациялаш босқичида, хусусан, инглиз тилини ўқитишда инглиз тилидаги дефиницияларни ўзлаштириш давлат талабларининг муҳим кўрсатмаларидан биридир.




*1.1-расм. Инновацион технологиялар воситасида талабаларда лингвистик компетентликни шакллантириш мазмунини такомиллаштириш*

Талабаларни лингвистик компетентлигини шакллантириш мазмунини такомиллаштириш жараёнида инновацион таълим муҳитига, ўқитишнинг янги стратегияларига мослаштириш, ахборотлашган хизматни қуйидагича тизим доирасида яратиш ва амалиётга татбиқ этиш зарурати сезилмоқда.

Ўқув материалини ўзлаштиришда компьютер технологияларидан фойдаланиш муаммоларига бағишланган тадқиқотларда (А.М.Матюшкин [8], И.П.Радченко [10]) ўқитувчилар тайёрлаш жараёнининг маъруза, амалий, лаборатория машғулотларини модернизациялаш масалалари ўрганилган.

Хориж олимлари: З.Янг, Қ.Лиулар ўқитиш жараёнида топшириқли ёндашувлардан фойдаланиш муаммосини тадқиқ қилишган бўлса, Е.К.Болдин, С.С.Ляпин, Р.О.Николаева, И.Я.Багуш, С.П.Новоселов, Н.Ф.Галкин (Россия)лар ўқув материалини ўзлаштиришда босқичли ўқитиш ва аниқ натижани қўлга киритишга асосланган инглиз тили фаолият масалалари устида изланиш олиб борганлар [4,7,9,3,1,6].

Фикримизча, олий таълим жараёнида инновацион технологиялар шароитида талабаларда лингвистик компетентликни шакллантириш мазмунини такомиллаштириш қуйидаги педагогик вазифалар амалга оширилганда самарали кечади:

- ОТМнинг таълим мазмуни такомиллаштирилиб, янги сифат босқичи тўлиқ таъминланганида;
- талабаларнинг тил ўрганиш соҳасидаги индивидуал-психологик хусусиятлари атрофлича ўрганилиб чиқилганда;